

# Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens

Sekretarya  
Acheveche, ri Sen Loran  
Pòtoprens  
Tel 2515 4674

nan kolaborasyon ak

## *Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Secrétariat national  
BP 1572  
Port-au-Prince Haïti 6110  
Tel 2943 0079  
justicepaixha@yahoo.com  
jilap.national@forumcitoyen.org.ht  
www.forumcitoyen.org.ht/jilap

## **Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan *Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince***

**mwa :**

**Avril rive jen 2010**

*Texte en français : voir page 5  
En cas de citation du rapport, veuillez mentionner la source*

## Lèt toulouvri pou Otorite Lajistis ak Lapolis nan peyi a

Komisyon Nasyonal Jistis ak Lapè salye n. Li kontan prezante 35yèm rapò li fin fè sou kesyon vyolans nan zòn metwopolitèn nan. Rapò sila a rann kont sou sa k te pase nan peryòd mwa avril rive jen 2010, sa vle di : pandan 3 mwa kote vyolans la reprann nan kapital la, apre tranbleman tè 12 janvyè a.

Rapò a fè n wè, pandan epòk sa a, vyolans brital fizik ki frape relasyon moun ak moun ap ogmante toujou. Vyolans konsènen ni krim yo k ap fèt, ni sitwayen k ap pran jistis la nan men yo san jij pa mele ladan l, ni vyolans k ap fèt nan trafik sou wout yo. An menm tan, nan epòk sila a, genyen tout ensekirite popilasyon an ap sibi nan kan yo oswa pandan li nan lari : l ap sibi menas ak zam, vyòl, vòl, elatriye. Sitou timoun yo ak jèn medam yo viktim anpil anba tout vyolans tankou vyòl ak abi seksyèl. Nan ka sa yo, otorite Lajistis ak Lapolis yo genyen yon reskonsablite espesyal pou pwoteje popilasyon an ak lavi yo. Genyen tou vyolans ki rezilta neglijans otorite ki pa mete yon bon jan planifikasyon sou pye pou pwoteje popilasyon an kòm sa dwa kont move kondisyon lavi ki rezilta tranbleman tè a. Pèp la merite resevwa nan men otorite yo yon pi bon akonpayman ak yon pi bon kominikasyon ki fèt ak transparans pase sa l jwenn kounye a. Se sa yon kesyon nou repete depi apre tranbleman tè a, men pa gen rezilta.

Sekretarya Komisyon an ap remèsye tout sèvis Leta ki te pèmèt li verifye enfòmasyon yo, tankou HUEH ak PNH. Komisyon an salye nou epi li di n mèsè pou atansyon n ap bay rapò sila a.

### *Aux Autorités judiciaires et policières du pays*

*La Commission Nationale Justice et Paix vous salue. Elle a l'honneur de vous présenter son 35<sup>ième</sup> rapport sur la violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince. Ce rapport couvre la période d'avril à juin 2010 ; durant ces 3 mois nous avons vu la violence augmenter graduellement dans la zone métropolitaine, après le tremblement de terre du 12 janvier 2010.*

*Le rapport démontre que, au cours de cette période, la violence physique brutale qui touche directement les relations entre les personnes, est en augmentation. Cette violence concerne aussi bien les assassinats, la justice populaire ou expéditive, et la violence dans le trafic routier. Entre temps, et dans la même période, la population est victime de l'insécurité dans les camps et dans les rues : elle est victime des menaces faites avec des armes, de viol, de vol, etc. Surtout les enfants et jeunes filles sont exposés à cette violence des abus sexuels. Dans cette situation, les autorités judiciaires et policières ont une responsabilité particulière en vue de protéger l'intégrité physique et la vie de la population. Il faut mentionner également la violence résultat des omissions des autorités qui négligent une bonne planification pour protéger la population correctement contre les mauvaises conditions de vie, résultat du tremblement de terre. La population à droit a un meilleur accompagnement par les autorités, une*

*meilleure communication transparente que ce qui est le cas actuellement. Nous avons répété cette question à plusieurs reprises depuis le séisme, mais sans résultat.*

*Le secrétariat de la Commission remercie les instances qui ont permis de vérifier certaines informations et données, comme l'HUEH et la PNH. La Commission vous salue et vous remercie de l'accueil que vous donnerez à ce rapport.*

P. Jan Hanssens, directeur

## **Analiz ak kòmantè 35yèm rapò sou vyolans nan zòn metwopolitèn nan**

### **Vyolans lan ap fè wout li**

Klima ensekirite zòn metwopolitèn nan ap fè fas, vle pran yon fòm ki bay enkyetid kote pòt pou sòti a lwen, selon preyokipasyon sitwayen ak sitwayèn yo, paske tout kalte bandi toujou vire kat sekirite Lapolis ak Minista ap prepare.

**Lè n gade chif yo nou pibliye nan rapò sila a (gade nan paj 9), yo montre vyolans lan ap vale teren. Nan mwa jen sèlman nou rejistre 103 ka. Sitou vyolans ak zam, kote moun bay moun bal, ogmante anpil. Li fè 60 % nan tout viktim moun ki mouri anba vyolans, oswa 64 ka. Sa fè plis pase 2 chak jou Bondye mete.**

Tranbleman tè 12 janvye a pèmèt anpil prizonye danjere sove nan prizon yo. Anpil tan pa t pase pou gang yo te refòme nan plizyè kwen nan kapital la tankou: Site Solèy, Fontamara, Kafou, Site Dedyè, Lasalin, Matisan, Petyonvil ak lòt kote. Kote enfliyans yo parèt aklè nan aktivite sosyoekonomik yo, men sitou sou moun k ap fè tranzaksyon nan bank yo nan zòn metwopolitèn nan. Fòs lòd yo mennen anpil operasyon pou pran bandi yo, men, rezilta pa pote gwo fwi. Ankò nou kapab di, pwoblèm zam nan toujou rete poze nan peyi a. Men kesyon nou poze:

1. Eske manm gang yo gen mwayen pou konnen plan Lapolis?
2. Kiyès k ap pote zam nan baz gang?
3. Eske konpetans pwofesyonèl manke nan nivo Lapolis nasyonal la?
4. Eske polis nasyonal la gen pwoblèm nan sèvis enfòmasyon l?
5. Pou ki sa absans yon polis pwoksimate ki pa pre zòn komèsyal ak bank yo, kote bandi pran plezi nan dechèpiye sitwayen jan yo vle?
6. Eske nou kapab di gen konplikasyon pou bay sekirite kote polisye yo, nan sans pou ta kontwòle klima lapèrèz sitwayen yo ap viv chak jou?

Anpil moun viktim, blese oubyen mouri lè y ap sòti nan bank avèk bandi k ap sikile sou moto oubyen ki kanpe nan kwen pou aji. Ankò reyaksyon lapolis pa parèt vizib. Kòm rezilta, sitwayen yo manke konfyans nan deklarasyon k ap fèt nan nivo kòmandman PNH la. Yo di se pou fè yo dòmi.

## **Gang ak zam rekòmanse frape ak fòs nan zòn metwopolitèn nan**

Sòti samdi 5 pou rive dimanch 6 jen 2010, Site Makout, yon zòn nan Matisan te gen yon gwo afwontman ant de gwoup gang pandan te gen plezi mizik pou animasyon ki t ap jwe. Lapoula 7 moun mouri ak lòt blese grav. Men pandan 3 mwa nou obsève 11 lòt moun mouri ak zam nan menm zòn nan.

Nan Site Solèy, sitiyasyon an sanble vin konplike nan katye Boston, Belekou ak Bouklin. Dapre temwayaj yon seri moun nan zòn nan, ka vòl, vyòl ak sasinay yo fèt souvan, kote pou pi piti 23 moun viktim. Pami yo, genyen yon timoun 9 lane ki te mouri. Nan sitiyasyon tansyon sa a, Sè Elena Printemps rive mouri, lè bandi ak zam louvri kout zam nan yon machin li te ye.

Daprè mesye Rosemond Aristide ki se reskonsab komisarya Site Solèy la, ta gen plizyè evade prizon ki pran refij nan plizyè zòn nan Site Solèy depi 12 janvyè. Konsa, gwoup gang yo ap òganize yo kote nan tèt yo ou jwenn evade prizon, men sitou sa ki kondane epi ki genyen nan men yo zam gwo kalib.

Sou Boulva Lasalin, sitiyasyon an vin konplike pou moun k ap frekante l. Atak ak zam, vòl ak asasinay ap fèt. Anpil ka rive nan estasyon machin yo. Nou obsève 10 moun ki mouri anba bal plis 3 moun ki peri nan aksidan.

Nan Petyon Vil sitou ak zòn ki pi wòl li yo bandi ak zam sanble genyen jwèt la: kidnapin, sasinay, brakaj, vòl ap fèt san pwoblèm. Laperèz anvayi sitwayen yo, men fòs lòd yo sanble poko jwenn yon bon taktik pou pote yon bon solisyon ak bandi sa yo, k ap touye, piye epi twomatize moun.

Rezo kriminel yo kontinye itilize moto kòm pi bon mwayen pou deplase. Polisye yo ki souvan apye oubyen nan machin genyen anpil tèt chaje pou rive jwenn kriminel yo apre yo fin fè zak yo.

### **Bandi ap brake zam sou sitwayen san rete**

Li parèt klè nan plizyè zòn, plizyè sitwayen bay temwayaj yo sou sitiyasyon sila a, kote plizyè bandi swa maske figi yo oubyen figi yo san maske rantrè anndan kay moun pou pran lajan ak bagay enpòtan.

Zak sa yo ap fèt lajounen kou lannwit san pwoblèm. Pandan mwa me a, sitiyasyon an te difisil anpil nan plizyè Ri nan Matisan, nan Kafouak n an tout zòn Fontamara. Se ka yon sitwayen ki abite nan Ri Romelis, nan Matisan 7, bò 3 zè nan laprèmidi, 6 moun yo pa idantifye, fouye l avan yo te rantrè ak li anndan lakay li pou al pran lòt bagay ki enpòtan. Nan menm Ri sila a, jou ki te mèkredi 23 jen 2010, bò 1 nè nan maten, bandi ak zam yo pa idantifye monte mi pou rantrè lakay moun nan zòn se gras ak vijilans yon seri moun ki reyaji nan lanse kout boutèy pou te anpeche sitiyasyon an konplike. Se menm sitiyasyon an ki prezante nan zòn: Delwi, Lawochèl, Anba Mapou ki se zòn Fontamara. Gen jou se tankou gen kouvri fe, abitan zòn nan blije antre bonè pou pa viktim nan men bandi ki san pitye. Se menm sitiyasyon an pou diferan lòt zòn ki twouve yo nan sid kapital la.

Fenomèn brake zam sou moun san rete nan zòn metwopolitèn nan, gen pou wè ak absans patwouy lapolis ki manke ak yon sèvis enfòmasyon ki pa djanm nan nivo enstitisyon polis la. Sitiyasyon sa yo toumante sitwayen yo, sa ki gen konsekans grav sou sant yo. Se yon bagay ki grav pou wè rantrè yon ekip bandi k ap rantrè lakay ou san pwoblèm pou vòlò, pou vyole madanm ou oubyen pitit fi w, pou touye papa w oubyen youn nan pwòch ou epi yo ale san yo pa pè anyen ka rive yo kòm pinisyon pou zak yo fè.

### **Reskonsablite Leta sitou Lapolis nasyonal la ak Lajistis fas ak fenomèn gang ame yo**

Se wòl otorite Leta yo pou yo defini yon politik sekirite, ki kapab genyen plizyè eleman ladan. SA vle di kondisyon sosyoekonomik yo dwe mete anplas pou kreye yon klima kote tout sitwayen santi yo byen e gen yon bon ankadreman. Politik sila a dwe asire:

- Aksè nan sèvis piblik yo
- Dwa fondamantal konstitisyon an ak konvansyon, akò peyi d Ayiti siyen, yo dwe respekte.

Politik fòs la dwe vini lè gen yon seri moun malonèt ki vle defye otorite Leta. Men, nan nivo sosyoloji, yo rekonèt vyolans pran rasin byen fasil kote Leta a pa gen yon vizyon devlopman pou bonè sitwayen ak sitwayèn yo. Kriminalite a toujou vale teren kote genyen lapovrete ak fwistrasyon, sitou lakay jèn yo. Nan peyi d Ayiti, nou pa ka bliye gwo vid ki genyen ant pòv yo ak rich yo ki se yon gwo sous tout sòt fwistrasyon.

Gwo twou vid sosyal sa a peyi ap viv twò grav.

### **Sa ki di sou enstitisyon polis la**

Enstitisyon polis la dwe asire lapè nan lari yo ak nan vil yo. Lapolis gen gwo misyon pou anpeche krim ak dezòd. Se wòl tout ògàn reskonsab nan polis la pou itilize mwayen yo pou yo mete sou kote tout bandi ki vle bay pwoblèm men tout lotè prezime nan krim ak deli pou mennen yo devan lajistis, paske lapolis arete pou lajistis.

Vyolans gang ame yo ap komèt yo fè poze kesyon sou kapasite enstitisyon polisyè a pou bay yon repons fas ak zak sa yo. Eske nou kapab pale sou enplikasyon kèk polisye nan gang ame yo nan zòn metwopolitèn? Eske genyen yon sèvis investigasyon dinamik anndan soukomisarya ak komisarya polis yo? Eske gen yon sèvis ransèyman ki fyab ak kredib anndan enstitisyon an? Mizanplas sèvis sa yo ap pèmèt yo fonksyone yon fason kòrèk se yon nesosite.

### **Ki sa n ka di sou sa ki konsènen otorite jidisyè yo?**

Se lajistis ki gadyen Eta dedwa, se lajistis ki pou fè aplike lalwa ak pou fè respekte lalwa. Plizyè sitwayen ak sitwayèn mouri ak bal bandi ki nan gang, men pa gen reyèlman bon pouswit ki pèmèt yo kwè nan yon jistis k ap pwoteje sitwayen ak sitwayèn anndan sosyete a.

Chèf gang yo ak lyetnan yo toujou alèz pou fè nènèt zak akòz feblès ki genyen nan enstitisyon ki plase pou tabli eta dedwa ak garanti lòd piblik. Kite òganizasyon kriminèl yo pran ekstansyon ap koze anpil tòn nan Repiblik la. Enstitisyon reskonsab yo dwe montre yo nan wotè misyon yo ak wòl yo pou tabli tout bon vre otorite Leta a.

## **Texte français**

### **Analyse et commentaire du 35ième rapport sur la violence dans la zone métropolitaine.**

#### **La violence continue son chemin !**

Le climat d'insécurité que connaît la zone métropolitaine tend à prendre une forme inquiétante où la porte de sortie se trouve loin d'être certaine eu égard aux préoccupations des citoyens. Car les bandits de tout acabit brouillent incessamment la carte de sécurité montée par la police nationale et la MINUSTAH.

**Regardons un instant les chiffres de ce rapport (page 9) ; ils démontrent que la violence est en progrès. Au mois de juin 2010, la Commission a enregistré 103 cas de mort violente. Surtout la violence par balles augmente. 60 % des victimes de la violence (c'est-à-dire 64 cas) sont des victimes des armes à feu. Cela signifie qu'il y a plus de deux assassinats par arme à feu par jour dans la zone métropolitaine.**

Le séisme du 12 janvier a permis à plusieurs bandits jugés dangereux de s'évader de la prison. Et peu de temps après les gangs ce sont reconstitués dans plusieurs endroits de la capitale comme : Cité Soleil, Fontamara, Carrefour, Cité de Dieu, Lasaline, Martissant, Pétion ville et autres. Au point où leur influence se fait sentir grandement dans la sphère de l'activité socio économique mais surtout les gens qui effectuent des transactions bancaires dans la zone métropolitaine. Des opérations ont été menées par les forces de l'ordre pour traquer les bandits, avec des résultats mitigés. La question de la présence des armes à feu revient à chaque instant. Les questions qu'on se pose sont:

1. Est-ce que les membres de gangs ont toujours l'opportunité de pénétrer le plan de sécurité de la police nationale ?
2. Qui canalise les armes au milieu des gangsters ?
3. Est-ce que la Police nationale manque de professionnalisme ?
4. Est-ce que la Police nationale souffre d'un déficit d'information ?
5. Pourquoi cette absence d'une police de proximité dans les zones commerciales et près des banques où les bandits prennent le malin plaisir à dépouiller les citoyens comme bon leur semble ?
6. Peut-on parler de complication pour que les autorités policières assurent la sécurité de manière à contrôler ce climat d'inquiétude dont vivent les citoyens quotidiennement?

Bon nombre de personnes sont victimes, ils sortent blessés ou décédés à leur sortie de banque par des bandits circulant à moto ou bien poster dans les parages. Aucune réaction policière n'est visible. Comme résultat, les citoyens font peu de confiance aux déclarations faites par le commandement de la PNH, jugeant somnolentes.

### **La réactivation en force des gangs armés dans plusieurs zones de la Capitale**

Le samedi 5 et dimanche 6 juin 2010, à Cité Makout, banlieu de Martissant, un affrontement terrible a eu lieu entre deux gangs rivaux, lors d'une animation musicale. Il y eu 7 morts et plusieurs blessés grave ; mais au cours du trimestre il a eu déjà 11 personnes tuées dans la même zone.

A Cité Soleil, la terreur semble revenir dans les quartiers de Boston, Bélékou et Brooklyn. Selon les témoignages des habitants, des cas de vols, viols et assassinats ont eu lieu et on dénombre 23 morts par balles dont un enfant de 9 ans. Une religieuse, Sœur Elena Printemps a été tuée quand des individus ont ouvert le feu sur le véhicule à bord duquel elle se trouvait. Elle est décédée sur le champ.

Selon monsieur Rosemond Aristide, responsable du commissariat de Police de Cité Soleil, des évadés de prison ont pris refuge dans les quartiers de Cité Soleil après le 12 janvier. Les groupes armés tenteraient de s'organiser avec des évadés à leur tête ; des criminels condamnés disposeraient des armes de gros calibres.

Au Boulevard Lasaline, la situation devient de plus en plus difficile pour les usagers. Attaques armées, vols et assassinats ont eu lieu, particulièrement aux abords des stations d'autobus. L'état physique de la zone et les interminables blocus jouent en faveur des gens malintentionnés. On a observé 11 personnes tuées par balle et 3 autres décédées dans des accidents de la route.

A Pétion Ville et dans ses hauteurs, les bandits semblent toujours gagner : kidnappings, assassinats, braquages et vols se font en toute quiétude. La peur anime les citoyens ; les forces de l'ordre ne semblent disposer d'aucun plan pour apporter de vraie solution face à ces malfrans qui tuent, pillent et traumatisent.

Les réseaux criminels continuent à privilégier la moto comme moyen de déplacement rapide. Les policiers souvent à pied ou à bord d'un véhicule ont toutes les peines du monde à remonter la piste des criminels après leur forfait.

### **Le braquage à répétition sur des citoyens par des bandits armés**

Le constat est patent dans plusieurs zones, et plusieurs citoyens ont porté témoignage du fait où plusieurs bandits, à visage découvert ou bien cagoulés, ont fait irruption à l'intérieur de leur maison pour emporter de l'argent et d'autre objet de valeur.

Des actes du genre ont lieu le jour comme la nuit, sans difficulté. Au cours du mois de mai, la situation était plus que difficile dans plusieurs rues de Martissant, dans des zones de Carrefour et dans toutes les zones de Fontamara. Un citoyen habitant à la rue Romulus, Martissant 7, a été dépouillé vers 3 :00 PM, par 6 individus non identifiés, d'abord devant sa maison ; ensuite ils ont pénétré à l'intérieur pour prendre d'autres objets importants. Encore, dans la même rue, le mercredi 23 juin 2010, à 1 :00 PM, des bandits non identifiés ont escaladé un mur pour pénétrer les maisons des gens du quartier, c'est grâce à la vigilance de certains, qu'on a pu éviter le pire avec des jets de bouteilles. Des cas semblables se sont présentés à Nan Delwi, La Rochelle, Anba Mapou, banlieux de Fontamara et d'autres zones du Sud de la Capitale, où il y a des jours, on dirait qu'il y a un couvre feu décrété : les habitants rentrent de très tôt chez eux pour éviter d'être malmenés par des bandits sans foi, ni loi.

Le phénomène des braquages à répétition à travers de la zone métropolitaine, est dû à une absence évidente des patrouille de police et par manque d'un service d'information efficace au sein de l'institution policière. Ces situations sont sources de stress pour les citoyens et ont des conséquences néfastes sur leur santé. Il est grave de voir rentrer chez soi des bandits armés en toutes quiétudes pour voler, violer votre femme ou votre fille, tuer votre papa ou un de vos proches, qui s'éloignent sans crainte d'être puni après leur forfait.

### **La responsabilité de l'Etat, en particulier la police nationale et la justice face au phénomène des gangs armés**

Il incombe aux autorités de l'Etat de définir une politique sécuritaire, qui soit multidimensionnelle. C'est-à-dire, les conditions socioéconomiques doivent être mise en place en vue de créer un climat où tous les citoyens se sentent bien traités et encadrés.

Cette politique doit assurer :

- L'accessibilité aux services publics ;
- La garantie des Droits fondamentaux prévus par la Constitution, et les conventions et accords signés par Haïti.

La politique répressive intervient là où les éléments malintentionnés entendent défier l'autorité de l'Etat. Mais, sociologiquement, on reconnaît que la violence prend racine plus facilement là où l'Etat ne dégage pas une vision de développement pour le bien être des citoyens et citoyennes. La criminalité trouve un terrain favorable pour développer là où il y a pauvreté et frustration, surtout parmi les jeunes. En Haïti, on

ne peut oublier le fossé qui sépare les riches et les pauvres est source de toutes sortes de frustrations. Cette disparité socioéconomique que connaît le pays est trop criante.

### **Quid de l'institution policière ?**

L'institution policière doit assurer la paix des rues et des villes. La police a l'impérieuse obligation d'empêcher le crime et le désordre. Il revient aux organes responsables de la police d'utiliser les moyens nécessaires en vue de mettre hors d'état de nuire les bandits, et auteurs présumés de crime et de délit pour les conduire par devant qui de droit, parce que la police arrête pour la justice.

La violence réalisée par les gangs armés fait questionner la capacité de l'institution policière pour donner une réponse adéquate à leurs actes. Pourrait-on parler de l'implication de certains policiers dans la mouvance des gangs armés dans la zone métropolitaine ? Existe-t-il un service d'investigation dynamique au sein des sous commissariats et commissariats de police ? Existe-t-il un service de renseignement fiable et crédible au sein de l'institution ? La mise en place de ces services et les faire fonctionner correctement est une nécessité.

### **Qu'en est-il de l'action des autorités judiciaires ?**

A la Justice, gardienne de l'Etat de droit, incombe la responsabilité d'appliquer et de faire respecter la loi. Plusieurs citoyens et citoyennes sont tués par balles ou par des membres de gang, et il n'y a aucune poursuite judiciaire véritable permettant de faire croire que la Justice protège et garantisse la vie des citoyens et citoyennes dans la société.

Les chefs de gangs et leurs lieutenants ont toujours la quiétude d'esprit pour commettre leurs actes répréhensibles face aux faiblesses manifestes des institutions préposées à établir l'Etat de droit et garantir l'ordre public. Laisser les organisations criminelles prendre le large cause un tort irréparable à la République. Ces institutions doivent s'élever à la hauteur de leur mission et assumer leur rôle afin d'établir de façons correcte l'autorité de l'Etat.

**Me Rovelsond Apollon**  
JILAP



**Fason nou analize krim ak asasinay yo nan Pòtoprens  
Tableau synthèse des crimes à Port-au-Prince**

		<b>Mwa Avril 84 viktim</b>	<b>Mwa Me 87 viktim</b>	<b>Mwa Jen 103 viktim</b>
<b>1. Sou idantite viktim yo</b>				
Polis ak ajan sekirite ki viktim		1 polisye 1 ajan sekirite	1 polisye 1 ajan sekirite	1 polisye
Fanm ki viktim		8	8	11
Timoun ki viktim		3	2	1
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		26	28	32
<b>2. Sou lakòz lanmò yo</b>				
Moun ki mouri ak bal		54	52	64
	Moun ki mouri ak bal lapolis/ Minustah	1	-	-
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis / Ministah	-	2	2
	Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	5	4	-
	Viktim afwontman ant gang	-	-	7
	Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye	48	46	55
Moun ki touye tèt yo		1	1	1
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt		9	9	5
Moun ki mouri nan aksidan		8	14	23
Moun ki mouri nan move tan		-	1	-
Lòt kòz ak sa yo pa konnen		12	10	10
<b>3. Sou kèk katye : ki kote</b>				
Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò Nasyonal ak Solino		3	1	-
Lasalin, Site Solèy, wout Nasyonal # 1 ak zòn Site Militè		11	18	6
Zòn Kafou		5	6	3
Gran Ravin ak Matisan		5	2	11
Petyonvil, wout Frè		4	6	5
Yo pa konn zòn nan / mouri lopital		10	2	4
<b>4. Sou kèk lòt sikonstans</b>				
Moun ki mouri sou etikèt vòlò		-	3	5
Etikèt kidnapè/bandi		-	-	-

**Tablo vyolans sou zòn metwopolitèn nan  
pou mwa avril 2010**

<b>Jou ak dat ak lè</b>	<b>Enfòmasyon sou viktim yo</b>	<b>Ki kote, zòn, katye</b>	<b>Esplikasyon nou ranmase sou viktim nan, nan moman aksyon an te pase.</b>
Jedi 1 avril 2010, nan maten	Yon moun yo pa idantifye	Site Solèy	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Jedi 1 avril 2010, nan maten	Yon jèn gason yo pa idantifye	Pòtoprens, Babyòl	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Vandredi 2 avril 2010, 4: 00 PM	Frantzo Badichon	Delma	Selon kèk temwayaj, viktim nan se yon ansyen prizonye. Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.
Samdi 3 avril 2010, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Kwadèboukè	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Samdi 3 avril 2010, nan lajounen	Desir Johnny	Pòtoprens, Savan Pistach	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Samdi 3 avril 2010, nan lajounen	<b>2 moun:</b> Willy Nicolas Rebecca Jean Luckner	Kwadèboukè	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Samdi 3 avril 2010, nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Delma	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Samdi 3 avril 2010, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Kwadèmisyon	Viktim nan mouri nan aksidan machin, yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Dimanch 4 avril 2010, nan maten	Jean Baptiste St Thomas	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Lendi 5 avril 2010, nan maten	Yon moun yo pa idantifye	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari. Yo pa detèmine kòz lanmò li. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Lendi 5 avril 2010, 6:00 PM	Carline	Kwadèboukè, Santo 8	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal, pou dechèpiye tout sa l li te pote.
Madi 6 avril 2010, nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Site Solèy, zòn Shodecosa	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Madi 6 avril 2010, nan lajounen	Berdeau Aldoner	Pòtoprens, Boulva J. J. Desalin, zòn Sen Jan Bosko	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Madi 6 avril 2010, 12:00 PM	Yon machann manje kwit	Pòtoprens, zòn Sen Jozèf	Nèg ak zam yo idantifye touye viktim nan ak plizyè bal sou akizasyon viktim nan te fè arete l.
Jedi 8 avril 2010, nan lajounen	Makenson	Pòtoprens, Avni Mari Jan	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Jedi 8 avril 2010, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Pòtoprens, Ri Dèzeza	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.

Jedi 8 avril 2010, 10:00 PM	Alphonse Legitime alyas zo reken	Pòtoprens, zòn Kafou Avyasyon	Selon kèk temwayaj, nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal pou yon regleman kont.
Jedi 8 avril 2010, 7:15 PM	Jean Rony	Sat, zòn Kafou Vensan	Selon kèk temwayaj, nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal pou yon lajan sòl li pa vle remèt.
Jedi 8 avril 2010, 9:00 AM	Yon ti fi 13 lane	Pòtoprens, Boulva Ari Touman, zòn Fwaye Aplastik	Yon moto frape viktim nan, li mouri lapoula.
Vandredi 9 avril 2010, nan lajounen	Melès Artal	Pòtoprens, zòn 5yèm Avni Bòlòs, Matisan	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.
Vandredi 9 avril 2010, 3: 00 PM	Jhonny	Delma 18, Ri Anglad	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal andedan yon kamyonèt
Vandredi 9 avril 2010, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Kafou	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Samdi 10 avril 2010, 5: 00 PM	Yon jèn yo pa idantifye	Pòtoprens, zòn Madan Kolo	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.
Samdi 10 avril 2010, nan maten	Zobope	Petyon vil	Yo jwenn viktim nan mouri ak plizyè kout kouto. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Samdi 10 avril 2010, 9: 00 PM	Eliphète	Pòtoprens, zòn Don Bosko, Fò Touwon	Nèg ak zam touye viktim nan ak plizyè bal pou yon ponp dlo yo te bal ranje, li pa t ka remèt li.
Dimanch 11 avril 2010, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Pòtoprens, zòn Pòtay Leyogan	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Dimanch 11 avril 2010, nan lajounen	Ernst Jeanty	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Nèg ak zam yo pa idantifye tire sou viktim nan, rive nan sal ijans Lopital Jeneral, li mouri. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Dimanch 11 avril 2010, nan lajounen	Yon fanm yo pa idantifye	Pòtoprens, Boulva Ari Touman	Yo jwenn viktim nan mouri ak plizyè kout kouto. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Madi 13 avril 2010, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Pòtoprens, zòn Fòtouwou	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Madi 13 avril 2010, nan lajounen	Esdras Delice	Delma, zòn Solino	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Madi 13 avril 2010, nan maten	Augustin Evens	Kafou, zòn Lanbi	Yon gwoup moun yo pa rive idantifye pran viktim nan mete l nan machin, apre twa jou yo jwenn li nan mòg Lopital Jeneral. 2 bra ak 2 pye viktim nan te kase epi je l pete.
Madi 13 avril 2010, nan aswè	<b>2 moun</b> yo pa idantifye	Pòtoprens, 4yèm Avni Bòlòs, Matisan	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.
Mèkredi 14 avril 2010, nan maten	Yon moun yo pa idantifye	Delma	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Mèkredi 14 avril 2010, nan maten	Jeantilus Paul	Kwadèboukè	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Jedi 15 avril 2010, nan maten	Yon fanm yo pa idantifye	Kafou	Viktim nan mouri nan aksidan machin, yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Vandredi 16 avril 2010, nan lajounen	Vil Chenel	Pòtoprens, Savan Pistach	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.

Vendredi 16 avril 2010, nan lajounen	Andre Maxo	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Vendredi 16 avril 2010, nan lajounen	Joseph Jeune	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Samdi 17 avril 2010, nan lajounen	St Cyr Luccès	Kafou	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Samdi 17 avril 2010, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Site Solèy	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Samdi 17 avril 2010, 11:00 AM	Syncir Luccès 39 lane, yon ajan sekirite	Kafou, zòn Tò	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.
Dimanch 18 avril 2010, nan lajounen	Natacha Baptiste	Site Solèy	Yo jwenn viktim nan mouri ak plizyè kout kouto. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Dimanch 18 avril 2010, nan lajounen	Simon Gagnard	Delma 69	Moun yo pa idantifye bay viktim nan pwazon, li mouri lapoula. Yo te transpòte l nan mòg Lopital jeneral.
Dimanch 18 avril 2010, nan lajounen	Valcourt Grégory	Kwadèmisyon, Shada	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Dimanch 18 avril 2010, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Delma 19	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Dimanch 18 avril 2010, nan lajounen	Martineau Jean Melès	Delma 2	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Dimanch 18 avril 2010, nan lajounen	Gesner Lamartinère	Kwadèboukè	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Lendi 19 avril 2010, 3:00 PM	Jerry	Delma 2, zòn Kafou 3	Nèg ak zam yo idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.
Lendi 19 avril 2010, nan maten	Yon moun yo pa idantifye	Site Solèy	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Madi 20 avril 2010, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Kwadèboukè	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari. Kòz lanmò l pa detèmine. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Madi 20 avril 2010, 1:00 PM	Ilfiz, yon machan n manje kwit	Pòtoprens, zòn Sant vil	Nèg ak zam yo idantifye touye viktim nan ak plizyè bal pou pran lajan.
Mèkredi 21 avril 2010, nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari, kòz lanmò l pa detèmine. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Jedi 22 avril 2010, nan aswè	Irner	Pòtoprens, zòn Bèlè	Yo te 3 moun sou yon moto, lapolis mande yo pou kanpe. Yo pat fè sa. Konsa patwouj polis tire sou moto a. Viktim nan te mouri lapoula.
Vendredi 23 avril 2010, nan lajounen	Guillaume Garcia	Petyon vil	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari, kòz lanmò l pa detèmine. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Vendredi 23 avril 2010, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Pòtoprens, Ri Dèfonfò	Moun yo pa idantifye trangle viktim nan, li mouri lapoula. Yo te transpòte l nan mòg Lopital jeneral.

Samdi 24 avril 2010, nan lajounen	Nicolas Syllvert	Pòtoprens, Ri Timas	Viktim nan mouri nan aksidan machin, yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Samdi 24 avril 2010, 8:00 PM	Yon jèn gason ki se machann grenn	Pòtoprens, zòn Breyà, Matisan	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.
Dimanch 25 avril 2010, nan aswè	Louis Philomé, yon polisye	Kafou, Paloma, nan otèl Lafrance	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.
Dimanch 25 avril 2010, nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
